



Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 16 NOMINASYON POU REJIS ETA AK NASYONAL PLAS ISTORIK YO

Sit yo reprezante plizyè istwa, ki gen ladan yon casita pòtoriken nan Vil New York, yon kazèn ponpye istorik nan Long Island, yon kan dete Catskills pou timoun nwa ki soti Harlem, yon kay Lak Champlain ki pyonye nan endistri fim, ak yon nouvo distri istorik ki prezante Bazilik Our Lady of Victory nan Lackawanna

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Konsèy pou Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Board for Historic Preservation) te rekòmande pou yo ajoute sèz pwopriyete nan Rejis Eta ak Nasyonal Plas Istorik yo. Nominasyon yo gen ladan yon casita pòtoriken nan Vil New York, yon kazèn ponpye istorik nan Long Island, yon kan dete Catskills pou timoun nwa ki soti Harlem, yon kay Lak Champlain ki pyonye nan endistri fim, ak yon nouvo distri istorik ki prezante Bazilik Our Lady of Victory nan Lackawanna

"Nominasyon sa yo montre lespri inovasyon, adaptasyon ak devlopman kominote New York ki egziste depi plizyè jenerasyon epi ki kontinye enspire nou jodi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ajoute sit sa yo nan rejis istorik nou yo elaji konpreyansyon nou sou istwa New York epi ankouraje nou aprann plis sou pase divèsifye ak kolektif nou".

Rejis Eta ak Nasyonal yo kapab ede pwopriyete yo modènize pwopriyete yo, sa k ap fè yo vin kalifye pou plizyè pwogram ak sèvis prezèvasyon piblik, tankou sibvansyon kontrepati eta a yo ak kredi taks federal ak eta ki disponib pou reyabilitasyon istorik yo.

Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York Ian, Erik Kulleseid, te deklare, "Nou pasyone pou prezèvasyon ak pwomosyon tisi istorik New York la pou nou tout ka gen koneksyon ak pase a ki ede apwofondi konpreyansyon nou sou sa li vle di pou nou se yon Nouyòkè. Avèk chak nominasyon nan Rejis Eta ak Nasyonal, nou pa sèlman ap bay aksè a resous ki ka ede sit sa yo gen yon avni, men tou nou ap agrandi envantè sit nou an ki ka rakonte yon istwa pi konplè sou eksperyans New York. Plan nominasyon sa a mete aksan sou kèk nan istwa ki pa rakonte ke Nouyòkè yo vle konnen plis sou yo epi li ede fè nou sonje ke gen anpil lòt istwa pou rakonte".

Komisè Adjwen pou Prezèvasyon Istorik Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York la,

Daniel Mackay, te deklare, "Nan Divizyon pou Prezèvasyon Istorik la, nou pran angajman pou nou sipòte resous istorik remakab New York yo epi nn ap travay sou plizyè pwojè atravè eta a, ki gen ladan deziyasyon nan Rejis Eta ak Nasyonal yo. Nou te wè opòtinite pou kredi taks eta ak federal yo ankouraje efò prezèvasyon lokal yo epi ankouraje envestisman nan kominote tout gwosè yo. Kounye a yo rekonèt resous istorik kòm byen kiltirèl ak ekonomik, sa ki ede asire lonjevite yo alavni".

Eta New York kontinye dirije nasyon an nan itilizasyon kredi taks istorik yo, avèk 4.5 milya dola nan depans reyabilitasyon total soti nan ane 2017-2021. Depi 2011, pwogram kredi taks istorik la te ankouraje plis pase 12 milya dola nan depans pwojè nan Eta New York, sa ki kreye gwo envestisman ak nouvo djòb. Dapre yon [rapò](#), ant 2017-2021 kredi yo nan Eta New York te jenere 69,769 djòb epi te pwodwi plis pase 1.3 milya dola nan taks lokal, eta ak federal yo.

Rejis Eta ak Nasyonal yo se lis ofisyèl bilding, estrikti, distrik, peyizaj, bagay ak sit enpòtan nan listwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 pwopriyete istorik toupatou nan eta a ki nan Rejis Nasyonal Lye Istorik la, endividyèlman oswa tankou eleman nan distrik istorik yo. Mèt pwopriyete yo, minisipalite yo, ak òganizasyon yo nan kominote toupatou nan eta a te pwopoze nominasyon yo.

Lè Komisè ki sèvi kòm Ofisye Prezèvasyon Istorik Eta a fin apwouve rekòmandasyon yo, y ap antre pwopriyete sa yo nan Rejis Plas Istorik Eta New York la epi apre sa y ap nonmen nan Rejis Plas Istorik Nasyonal la, kote Sèvis Pak Nasyonal ap egzamine yo, epi yon fwa yo apwouve yo, y ap antre yo nan Rejis Nasyonal la. W ap jwenn plis enfòmasyon, avèk foto sou nominasyon, disponib sou [sitwèb](#) Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la.

Capital Region

Alpine, Konte Greene - Sitiye nan Mòn Catskill yo sou yon gran wout mòn seksyon riral nan ti vilaj Haines Falls, yo te bati kay lojman nan estil Rèn Anne sa a bò 1905 yo. Bilding lan montre ti kay lojman dete, famiyal ki te asosye ak touris Catskills epi ki te yon sekou ekonomik pou anpil fanmi agrikiltè. Non sèlman revni pansyonè yo te konpanse fèb sezon rekòt agrikòl yo, men tou pi gwo otèl yo nan zòn nan te reprezante yon mache pou ze, bè ak vyann. Anpil fanmi lokal yo te elaji fèm pou tounen pansyon pandan gen lòt moun ki te bati nouvo. Malgre li te odepa bati kòm yon ti pansyon, Alpine te elaji nan gwosè avèk zèl adisyonèl ak yon do kay an mansad, de karakteristik ki te souvan ajoute pou akomode plis lokatè. Yon fwa ke li te kapab resevwa jiska trant-senk envite, Alpine te pami dènye kay pansyon yo an operasyon nan Haines Falls (jiska 1963) epi kounye a se youn nan yon kantite pansyon ki siviv k ap diminye ki te bati pandan gwo epòk konplèks dete Catskills.

Depo Clark Witbeck Co., Konte Schenectady - Depo Clark Witbeck Co., ki sitiye nan vil Schenectady, gen yon achitekti enpòtan pou fasad li yo te fè antyèman ak tòn. Bati bò 1904 yo, konsepsyon tòn òne bilding lan, aplike nan yon depo senp, se yon egzantp rejyonal ki ra nan kalite karakteristik achitekti sa a, ki te popilè ant 1870 ak 1930. Etabli

an 1870, Clark Witbeck Co. se te yon gwo konpayi vant an gwo materyèl espesyalize nan founiti pou chemennfè ak izin, yon mache nich ki te benefisye relasyon komèsyal sere ak gwo endistri Schenectady yo, General Electric ak American Locomotive Co. (Alco). Istwa konpayi an gen rapò dirèkteman ak ogmantasyon rapid Schenectady soti nan yon vil modès kanal la rive nan yon santral endistriyèl pandan li te jwenn siksè nan founi zouti endistriyèl ak materyèl konstriksyon bay biznis aktif Schenectady yo ak lavant an detay bay popilasyon an k ap grandi rapidman. An 1960, jounal *Daily Gazette* te achte depo a epi sèvi ak li kòm plant enprimri li jiska 1990. Nan ane 2020-2021, yo te reyabilite bilding lan epi yo te reyitilize pou abrite apatman ak espas evènman piblik.

Fairview Manor, Konte Columbia - Fairview Manor ke yo konnen tou kòm Alonzo & Mary E. Flack House, se yon gwo kay an brik de etaj, ki sitiye nan Claverack. Bati bò 1870 yo, kay la reprezante achitekti elit Nouyòkè yo te favorize nan Hudson Valley, li trè enpòtan nan kontèks achitekti Pitorèsk Hudson Valley epi li klèman se travay yon mèt achitèk. Malgre pa gen prèv sou kiyès ki achitèk la, Fairview Manor pataje anpil resanblans avèk konsepsyon nan lòt kay ki asosye ak Calvert Vaux, tankou mas konplèks li yo, plan asimetri, ak dekorasyon achitekti laj ak sofistike. Vaux se te youn nan pi gwo achitèk Ozetazini nan ane 1870, akòz travay enpòtan li te fè avèk Andrew Jackson Downing ak Frederick Law Olmsted, epi li te achitèk Olana Frederic Church, ki te konstwi an menm tan sèlman a kèk kilomèt distans Fairview Manor. Malgre ke li te domaje nan yon dife an 1998, kay la konsève anpil karakteristik enpòtan. Lè nou konsidere resous limite ki disponib pou idantifikasyon ak dokimantasyon dosye achitekti Vaux a, dekouvèt, idantifikasyon, ak analiz Fairview Manor sa a - yon lòt konsepsyon domestik ki trè posib pou l se Vaux - make yon gwo kontribisyon nan etid sou achitèk Ameriken enfliyan sa a.

Long Island

Kazèn Ponpye St. James, Konte Suffolk - Kazèn ponpye nan estil atizay ak atizana vènakilè sa a, ki te konstwi odepa an 1923 epi Lawrence Smith Butler te konsevwa l, sitiye nan ti vilaj St. James, nan vil Smithtown. Kazèn Ponpye St. James sitiye nan St. James Historic District (klase NR, 1973) epi nominasyon sa a gen entansyon mete ajou dosye a epi rekonèt bilding sa a pou siyifikasyon achitekti ak istorik li nan vilaj la. Pandan yon santèn ane, bilding lan te fonksyone kòm yon kazèn ponpye ak espas rasanbleman kominote a. Konsepsyon orijinal kazèn ponpye a ak agrandisman ki vin apre yo demontre yon enfliyan trè inifòm pou Atizay ak Atizana, avèk estil souke tèt rive nan Beaux-Arts nan balans ak simetri estrikti a. Anplis de achitekti li, kazèn ponpye a reprezante wòl enpòtan depatman ponpye volontè a te jwe nan kominote a, pou bay pwoteksyon kont dife enpòtan ak ankouraje zanmitay atravè aktivite sosyal ak amizman. Anplis de kazèn ponpye a, nominasyon an gen ladann garaj 1972 nan estil neo-kolonyal ki itilize pou depo ak espas biwo.

Mid-Hudson

Distri Istorik Kan Dete All Souls, Konte Sullivan - Sitiye nan vil Liberty nan sid mòn Catskill yo, Kan Dete Legliz All Souls te etabli an 1954 pou ofri eksperyans kan dete

pou timoun Nwa nan Harlem ki te eskli oswa ki pa t kapab peye lòt opsyon kan dete ki disponib pou timoun k ap viv nan Vil New York. Kan an, ke dirijan Legliz All Souls te dirije epi sipòte epi antreteni pandan ane yo grasa donatè yo ak kongregasyon an, te gen anpil karakteristik yo te jwenn nan lòt kan dete nan peryòd la - li te relativman pre zòn vil New York la, li te nan yon anviwònman natirèl ki gen montay, epi bay opòtinite pou fè eksperyans anplennè. Odepa, yon fèm epi pita yon ti konplèks touristik nan zòn riral yo, konplèks kan an se yon bon egzanp evolisyon pwopriyete nan pati Eta New York sa a ki te grandi epi devlope pou satisfè bezwen chanjan moun ki nan vakans iben yo. Kòm yon kan ete pou timoun yo, sit la adapte ak ajoute karakteristik pou fonksyone, tankou yon sal manje, bilding atizanal, bibliyotèk, dòtwa, enstalasyon sanitè kolektif, zòn rasanbleman ak jwèt, yon lak, yon pisin, epi, kòm yon kan relijye, yon chapèl. Antanke yon òganizasyon ki gen resous limite, acha ak adaptasyon Legliz All Souls pou tounen yon etablisman konplèks ki egziste se te yon desizyon ekonomik epi li te kenbe eleman nan objektif ansyen pwopriyete a ki toujou idantifyab jodi a.

Distri istorik Webutuck Agricultural Valley, Konte Dutchess (NY) ak Konte Litchfield (CT) - Distri a nan vil Amenia (NY), avèk yon ti seksyon nan vil Sharon (CT). Anglobe yon kominote riral ki gen anviwon ven fèm ak twa ti vilaj- Leedsville, Amenia Union, ak South Amenia- distri 1,538 ekta a reprezante istwa agrikòl ak kiltirèl evolye vale a depi etablisman simityè Amenia Union an 1735. Peryòd sa a gen ladan règleman an, devlopman agrikòl ak achitekti nan zòn nan, nan fen dizneyèm ak kòmansman ventyèm syèk la ki womantize peyizaj riral la, ak bès epi revitalizasyon agrikilti pandan ventyèm syèk la. Distri a enkòpore modèl agrikilti nan rejyon an, ki, pandan peryòd sa a, se te yon evolisyon soti nan agrikilti sibzistans ki baze sou ble pou rive nan agrikilti mache ki baze sou pwodui letye epi answit fèm elvaj ki espesyalize nan bagay tankou chwal, pye bwa, ak pwodui òganik. Achitekti a reprezante plis pase de san ane etablisman yon pèp. Anplis de sa, distri a te sèvi kòm yon enspirasyon ak lokal rasanbleman pou powèt, ekriyen, kritik literè, ak naturalis nan gwo peryòd Mouvmàn Womantik la. Antanke yon kominote riral elwaye, Webutuck Valley te fè eksperyans peryòd pwogrè, bès, ak revitalizasyon, epi revitalizasyon ki pi resan li a te pwovoke pa moun ki rete nan vil la ki t ap chèche retrèt riral abòdab ak istorik.

Mohawk Valley

Bates Christian Church, Konte Schoharie - Bates Christian Church, ke yo rele kounye a Bates Congregational Christian Church, te bati an 1859 nan ti vilaj Bates. Li se yon egzanp diferan nan achitekti relijye riral dizneyèm syèk la nan Konte Schoharie epi li enpòtan pou remakab pou fòm kay reyinyon li ak senplisite li. Legliz la te bati nan estil renesans grèk la, ki te yon estil achitekti dominan nan Bates ak nan ti vilaj ki alantou yo. Kòm sèl bilding kominote ki rete nan ti vilaj la, li enpòtan pou istwa lokal ak rejyonal.

Camp Veery, Konte Herkimer - Niche nan peyizaj rakbwa nan Echo Island Lak Big Moose, kan prensipal, anga bato, ak glasyè nan Camp Veery tout enkòpore tradisyon achitekti lakanpay Adirondack. Konstwi an 1901 pa yon rich biznisman Oswego Theodore Page, kan dete a refilete yon karakteristik estil kay vakans nan rejyon

Adirondack New York nan fen dizneyèm ak kòmansman ventyèm syèk yo ke yo te konnen kòm "Gwo Kan" (Great Camps). Kan tankou sa yo te bati kòm retrè lwazi sezonye pou pwopriyetè vil rich k ap chèche vi prive nan kote ki lwen epi yo te fèt pou melanje nan anviwònman rakbwa solid avèk materyèl ak dekorasyon. Camp Veery enpòtan sou plan achitekti ak istorik kòm yon egzanp kalite estrikti sa a, men li se tou yon bèl egzanp konstriksyon enan stil palisad ke yo wè nan tout Lak Big Moose. Ant 1875 ak 1905, plis pase senkant bilding nan Lak Big Moose ak Twitchell te konstwi ak metòd konstriksyon vètikal mwaye bwa sa a. Devlope lè pa te gen okenn izin koupe bwa nan zòn nan, bòs mason yo te kapab wè koupe bwa yo an mwaye epi mete yo sou pwent lan pou fòme mi yo-sa ki te pi efikas ak fini pase yon kabàn moso bwa orizontal tradisyonèl. Pandan ke gen egzanp konstriksyon palisad nan rejyon Adirondack, Lak Big Moose se sèl kote ki gen yon koloni ki defini nan kalite achitekti sa a.

New York City

Casita Rincón Criollo, Konte Bronx, Casitas Pòtoriken Vil New York - Casita Rincón Criollo se yon ti peyizaj kiltirèl nan katye Melrose nan Sid Bronx. Kreye odepò bò 1976 yo epi kounye a se Depatman Pak Vil New York ki posede l, li te deplase an 2006 epi li rele tou "La Casita de Chema" dapre fondatè ak renome mèt konstriktè casita Jose Manuel "Chema" Soto (1945-2015). Nan nouvo lokal li a, Casita Rincón Criollo se youn nan casita ki pi ansyen, pi gwo, ak ki pi long nan vil la. Sit la gen ladan yon kay casita de pyès ki sitiye nan sant, antoure ak gazon sentetik, plis pase kenz kabann jaden ki wo, yon sèn an bwa, yon anga, ak yon fogón (kizin) semi-fèmen. Anpil nan plant yo te kiltive volontèman pou evoke abita Pòtoriko. Anplis de sa, li konsidere kòm sant mizik tradisyonèl Pòtoriken nan vil New York epi li se youn nan sant ki pi enpòtan kote renesans de estil mizik pòtoriken tradisyonèl yo, *bomba ak plena*, rive. Casita se youn nan 28 idantifye nan yon sondaj resan. Sondaj sa a ak Dokiman Plizyè Pwopriyete ki asosye, ki finanse pa yon sibvansyon Kominote ki Pa Byen Reprézante nan Sèvis Pak Nasyonal la, pral ede anpil ogmante reprezantasyon sit ki asosye avèk istwa Pòtoriken nan New York nan Rejis Nasyonal la.

North Country

Halfway House, Konte St. Lawrence - Yo konne li tou kòm Foote-Legge-Stocking Tavern, Halfway House la te konstwi bò 1807 yo nan vil Lisbon pou fasilite livrezon lapòs ant Canton ak Ogdensburg. Sitiye sou yon wout dilijans enpòtan, li te yon sant komèsyal ak sosyal enpòtan pou machann, vwayajè, ak rezidan yo epi li te sèvi kòm yon kote pou sèvis legliz, rasanbleman politik, pwosedi tribinal, dans, ak plis ankò. Achitekti bilding lan reflekte enfliyans estil federal, yon estil ki te domine peyizaj achitekti Ameriken an depi anviwon 1780 pou rive 1830, epi ki komen nan estrikti ki te fèt pa konstriktè Stillman Foote. Enteryè a gen gwo detay Federal, ki gen ladan dispozisyon, lanbri, pati an bwa, taye, ak fini. Yon karakteristik achitekti enteresan se chapant poto encline ki taye alamen avèk yon plak kontinyèl ak gwo bout bwa poligonal, ki se yon sistèm estrikti etranj pou kay nan lwès ak nò New York ki te konstwi pandan peryòd sa a. Halfway House la se yon egzanp ki ra ki siviv avèk yon konbinezon rezidans ak "mezon piblik" ki reflekte evolisyon kay la soti nan arè lapòs ak tavèn rive nan rezidans.

Kessel Park Inn, Konte Essex - Sitiye sou rivaj lwès Lak Champlain nan Port Douglas, Kessel Park Inn se yon pwopriyete istorik ki asosye ak pwodikè fim nan kòmansman ventyèm syèk la Adam Kessel Jr. ki gen ladann yon kay prensipal, yon kay remiz (kounye a rezidans prive), kay glas/poulaye (kounye a rezidans prive), estasyon ponp, ak yon gwo tou siyalizasyon an metal. Kessel te achte pwopriyete a an 1912 epi li te itilize li kòm rezidans prensipal li jouk li mouri an 1946. Byenke Kessel ak fanmi li pa te viv nan Kessel Park Inn ki te enfluyans pa estil Craftsman pandan tout ane a, li posib ke yo te viv la pandan pifò ane a epi te fè biznis nan pwopriyete a. Adam Kessel Jr. te patisipe aktivman nan pwodiksyon fim soti nan 1909-1920 ak kontribisyon li nan endistri fim nan byen bonè nan Etazini enpòtan: li te etabli ak fè patenarya ak anpil estidyo bonè, sèvi kòm yon direktè fondatè nan konpayi tankou Universal Pictures (ki te vin Universal Studios); te bay opòtinite pou kèk nan pi gwo aktè fim, tankou Charlie Chaplin; komedi popilè pyonye ak estil lwès; teknoloji avanse fim, montaj, ak pwodiksyon; ak inisyè devlopman ak distribisyon gwo afich fim endividyèl ki kontinye jwe yon wòl enpòtan nan piblisite fim jodi a.

Southern Tier

Distri Istorik Vilaj Hammondsport, Konte Steuben - Distri Istorik Vilaj Hammondsport la se yon koleksyon inifòm prèske 450 resous achitekti entak soti nan 1823 rive 1975, ki gen ladan pwopriyete rezidansyèl ki reflekte estil Victorian, Queen Anne, Classical Revival, ak Craftsman, ansanm ak kay ak konsepsyon Foursquare Ameriken. Istwa vilaj la, ki sitiye bò Lak Keuka nan rejyon Finger Lakes, gen yon koneksyon pwofon ak istwa Kanal Erie ak endistri diven istorik, tou de avèk rasin nan ane 1820 yo. Gen yon tèm vizyèl komen motif diven ak rezen ki fè referans a istwa zòn lan nan pwodiksyon diven ak reflekte endistri touris vilaj la, ki kontinye jodi a. Vilaj la te tou sit fabrikasyon pou rafineman ak pwodiksyon avyon Glenn H. Curtiss natif natal Hammondsport. Curtiss te kredite pou devlope avèk siksès tès premye idravyon an 1911. Curtiss Aircraft Corporation te fè vòl tès pou avyon li yo sou Lak Keuka soti 1910-1916, epi yo te etabli yon lekòl vòl lokalman pou fòmè pilòt tès yo. Endistri diven ak endistri avyasyon nan vilaj sa a te gen yon gwo enpak sou ekonomi New York epi yo te fè kontribisyon enpòtan nan istwa agrikòl, endistriyèl ak militè Ameriken.

Western New York

Anga Tren DL&W, Konte Erie - Anga Tren Delaware, Lackawanna, ak Western (DL&W) se yonabri tren ki long, etwat, rektangilè ki te konstwi an 1917 kòm yon pati nan yon konplèks tèmininal tren ki gen kat bilding ki sitiye nan yon zòn komèsyal dans distri a nan anba lavil Buffalo. Anga a se sèl estrikti ki rete nan konplèks sa a epi li se pa sèlman yon egzanzp ki ra yon anga tren ki nan estil Lincoln Bush nan Eta New York, men tou se youn nan pi ansyen egzanzp ki rete nan tout peyi a. Patante an 1905, Anga Tren Bush la te ofri yon altènativ ekonomik pou gwo anga tren an vè, ak yon sistèm echapman sou do kay ki fèt pou evakye lafimen anlè tren yo ki te ede ogmante dire lavi bilding lan, redwi pri antretyen, ak amelyore kalite lè a pou pasaje yo. Konsepsyon an se te yon devlopman enpòtan nan teknoloji enstalasyon tren ventyèm syèk la epi li

reprezante yon itilizasyon inovatè an beton ak asye ki ranfòse. Depatman Enteryè Ameriken an te detèmine Anga Tren DL&W kòm elijib nan Rejis Nasyon la an 1982. Kounye a, bilding nan akomode tren leje nan premye etaj la pou Niagara Frontier Transportation Authority (NFTA).

Lakewood Village Hall, Konte Chautauqua - Lakewood Village Hall, ke yo rele tou Bilding Minisipal Anthony C. Caprino, se yon modès bilding minisipal nan estil Craftsman ki te bati odepà an 1915. Bilding lan enpòtan pou asosyasyon lontan li genyen ak etablisman ak ekspansyon sèvis sivik ak minisipal Lakewood yo-ki gen ladan li sèvi kòmabri pou depatman ponpye Lakewood pandan katreven ane- epi li te tou yon kote pou òganize reyinyon ak evènman kominotè yo. Pandan plis pase san ane itilizasyon, bilding lan te sibi renovasyon ak adisyon pou adrese bezwen kominote a k ap chanje. Li reflete evolisyon vilaj la soti nan yon destinasyon tanporè pou moun ki an vakans yo rive nan yon anklav banlye etabli fòmèlman nan ventyèm syèk la. Bilding lan aktyèlman gen ladan biwo gouvènman yo, Depatman Lapolis Lakewood, ak mize istwa Lakewood.

Distrik Istorik Our Lady of Victory Women Catholic Church, Konte Erie - Distrik Istorik Our Lady of Victory Women Catholic Church (souvan refere kòm OLV) nan Lackawanna se yon gwo konplèks istorikman asosye ak douz resous ki kontribiye - relijye, edikatif, biwo, medikal, ak lòt bilding- bati pa etap ant 1857 ak 1978. Bazilik Our Lady of Victory a, ki fòme nwayo distri a epi ki atire plizyè milye touris chak ane, se yon legliz sansasyonèl, masiv, nan estil Beaux Arts ki san parèy nan gwosè, echèl, estill, ak plenitud nan Lwès New York. Konstwi ant 1921-1926, bilding lan dekore avèk penti sou mi ki elabore ki gen enspirasyon Bawòk, eskilti, ak vitray kolore. Se Papa Nelson H. Baker ki te dirije konstriksyon Bazilik la, ki, apre li te fin pran lidèchip pawas la an 1882, te revize epi elaji yon òfelina ki te egziste epi li te dirije efò pou kreye yon lopital ak yon lekòl primè. Papa Bake, ke yo konnen lokalman kòm "Padre of the Poor," se te yon gwo pèsonaj lokal nan istwa sosyal ak relijye Lwès New York ak fanmi pou kominote Katolik yo nan tout peyi Etazini. An 2011, Pap Benedict XVI te deziyen li kòm Venerab, ki se premye etap nan direksyon pou tounen sen nan Legliz Katolik Women. Divèsite fonksyon bilding ak estil achitekti nan Distri Istorik OLV jodi a reprezante evolisyon yon gwo enstitisyon relijye pandan l ap adapte alavni pou satisfè bezwen pawasyen li yo ak kominote a an jeneral.

Konplèks Faktori Wood and Brooks Company, Konte Erie - Faktori Wood and Brooks Company se yon konplèks ki gen kat bilding-ki gen ladann faktori prensipal la, vout an ivwa, bilding depo bwa ak garaj- nan vil Tonawanda. Lokal faktori a te bay aksè pwòch nan kouran elektrik, transpò tren, ak travayè yo, tout sa yo ki te bay Wood ak Brooks avantaj operasyonèl ki te mennen nan kwasans rapid. Wood ak Brooks te vin youn nan fabrikant ki pi enpòtan nan touch ak mekanis pyano an ivwa nan peyi Etazini epi te jwe yon wòl enpòtan pandan Dezyèm Gè Mondyal la kòm yon soutretan pou pwodiksyon militè Landing Craft Vehicle Personnel(LCVP). Faktori a se yon reprezantasyon entak yon etablisman fabrikasyon ki fèt ak bati nan premye mwatye ventyèm syèk la epi li se yon bon egzantp nan evolye achitekti endistriyèl ak tandans enjeniri yo. Avèk premye konstriksyon an 1902 ak agrandisman ki vin apre yo pandan

sis deseni k ap vini yo, faktori a gen ladann yon ansyen bilding nan estil poto ak pout, ansanm ak egzanp konstriksyon beton ranfòse, ki tou de te ede kreye yon anviwònman enstalasyon fabrikasyon yo te bezwen: karakteristik ki fèt pou anpeche epi kontwole dife, yon plan louvri solid, gwo nivo limyè lajounen ak vantilasyon natirèl. H.C. Turner nan Turner Construction te konstwi adisyon beton ranfòse nan konplèks faktori a, yo se yon pyonye nan bilding plizyè etaj ak estrikti beton ranfòse nan nòdès la nan kòmansman ventyèm syèk la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)